



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15.1 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL LA POU SIPÒTE PLANIFIKASYON AK REPONS POU IJANS

Finansman sipòte efò planifikasyon pou ijans ak preparasyon operasyonèl

Dat limit pou aplikasyon yo se 21 out 2020

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo rann 15.1 milyon dola nan finansman federal disponib pou ajans jesyon ijans Eta ak konte New York pou sipòte planifikasyon ak preparasyon operasyonèl pou nenpòt ki kalite dezaz ke New York ka fè fas.

Atravè Sibvansyon ki baze sou Pèfòmans Jesyon Ijans (Emergency Management Performance Grant, EMPG) lan, yon pwogram sibvansyon anyèl, benefisyè yo kapab jwenn aksè ak finansman pou sipòte efò ki sòti nan devlopman ak aplikasyon fòmasyon ak egzèsis pou resevwa resous repons pou ijans yo. Finansman sa a se yon ogmantasyon ak yon sibvansyon siplemantè ki evalye a 4.3 milyon dola ke yo deja bay eta a pou efò similè ki fokis sou pandemi COVID-19 la.

"Kèlkeswa se goumen kont yon ènmi envizib tankou COVID-19, oswa ede kominote yo kenbe tèt ak danje ki genyen nan move tan ekstrèm yo, gouvènman lokal yo jwe yon wòl enpòtan nan jesyon ijans epi nou bezwen fè tout efò pou sipòte patnè lokal nou yo ak ede asire yo gen resous yo bezwen pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk finansman sa a an men, patnè lokal nou yo pral pi byen pozisyone kounye a pou pwoteje kominote yo sèvi yo kèlkeswa sa nouvo reyalye a rezève pou nou."

15,1 milyon dola yo bay New York la nan Ane Fiskal 2020 an reprezante yon ti ogmantasyon nan finansman ki soti nan Ane Fiskal 2019 la, lè New York te resevwa 15,03 milyon dola. Kòm nan ane ki sot pase yo, 51 pousan nan finansman an (7.7 milyon dola) pral sipòte amelyorasyon nan preparasyon eta a an jeneral ak tout apwòch danje pou jesyon ijans. Rès 49 pousan ki rete a, (7.4 milyon dola) ap disponib pou konte endividyèl selon yon fòmil ki baze sou popilasyon.

Pou jwenn aksè ak finansman an, benefisyè lokal yo dwe devlope pwojè oswa inisyativ ki ranfòse pwòp kapasite preparasyon ak repons yo pou adrese tout danje. Pwojè yo ta dwe fokis tou sou adrese nenpòt efò FEMA idantifye kòm bezwen amelyorasyon nasyonal. Sa enkli planifikasyon jesyon lojistik ak distribisyon, planifikasyon

evakyasyon, jesyon finans nan kad dezaz, lojman nan ka dezaz katastwofik ak kominikasyon fyab.

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Pandan plizyè ane ki sot pase yo, New York deja fè eksperyans ak yon gran varyete sityasyon ijans sòti nan dezaz natirèl rive nan teworis, sa ki fè ekspè jesyon ijans esansyèl li yo gen resous yo bezwen pou yo kenbe kominote yo an sekirite kèlkeswa danje a. Finansman sa a pa sèlman sipòte efò eta a pou kontinye ranfòse pozisyon preparasyon nou, men tou li founi finansman enpòtan bay patnè lokal nou yo pou ranfòse kapasite yo pi plis".

Nan kad sa a, yo ka itilize finansman pou sipòte:

- Jesyon ak Administrasyon aktivite yo;
- Planifikasyon;
- Pèsonèl pou Ajans Jesyon Ijans yo;
- Pwoteksyon;
- Fòmasyon ak Egzèsis;
- Konstriksyon ak Renovasyon Sant Operasyon Ijans yo; ak
- Antretyen ak Sipò nan GIS ak sistèm kominikasyon Entèwoperab

Depans ki pa elijib yo enkli:

- Ekipman yo Pa Otorize: zam afe, minisyon, lans grenad, bayonèt, oswa avyon, bato lame, oswa nenpòt ki kalite machin ak zam enstale.
- Depans pou sipòte anbochaj ofisyè sekirite piblik asèmante yo nan bi pou ranpli devwa tradisyonèl sekirite piblik oswa pou ranplase pozisyon ak responsabilite tradisyonèl an matyè sekirite piblik.
- Aktivite ak pwojè ki pa gen rapò ak finisman ak aplikasyon Pwogram EMPG a.

Kantite lajan ki disponib pou ajans jesyon ijans lokal yo nan lis anba a:

| <u>Benefisyè Sibvansyon an</u> | <u>Sibvansyon Total</u> |
|---------------------------------------|--------------------------------|
| Albany County | \$116,987 |
| Allegany County | \$23,019 |
| Broome County | \$78,847 |
| Cattaraugus County | \$34,567 |
| Cayuga County | \$34,460 |
| Chautauqua County | \$54,663 |
| Chemung County | \$37,701 |
| Chenango County | \$23,582 |
| Clinton County | \$35,234 |
| Columbia County | \$28,228 |
| Cortland County | \$23,162 |

| | |
|---------------------|-----------|
| Delaware County | \$22,663 |
| Dutchess County | \$114,515 |
| Erie County | \$343,328 |
| Essex County | \$19,493 |
| Franklin County | \$23,995 |
| Fulton County | \$25,443 |
| Genesee County | \$27,117 |
| Greene County | \$23,120 |
| Hamilton County | \$6,780 |
| Herkimer County | \$28,751 |
| Jefferson County | \$47,788 |
| Lewis County | \$14,972 |
| Livingston County | \$29,073 |
| Madison County | \$32,036 |
| Monroe County | \$279,017 |
| Montgomery County | \$23,487 |
| Nassau County | \$498,124 |
| Niagara County | \$84,689 |
| Oneida County | \$91,466 |
| Onondaga County | \$176,927 |
| Ontario County | \$44,733 |
| Orange County | \$142,244 |
| Orleans County | \$20,787 |
| Oswego County | \$49,952 |
| Otsego County | \$27,920 |
| Putnam County | \$41,706 |
| Rensselaer County | \$63,691 |
| Rockland County | \$119,742 |
| St. Lawrence County | \$46,210 |
| Saratoga County | \$85,844 |
| Schenectady County | \$61,960 |
| Schoharie County | \$17,056 |
| Schuyler County | \$11,753 |
| Seneca County | \$17,977 |
| Steuben County | \$41,441 |
| Suffolk County | \$554,750 |
| Sullivan County | \$33,548 |
| Tioga County | \$23,821 |
| Tompkins County | \$42,389 |
| Ulster County | \$72,181 |
| Warren County | \$29,189 |
| Washington County | \$28,272 |

| | |
|--------------------|-----------------------|
| Wayne County | \$39,520 |
| Westchester County | \$354,399 |
| Wyoming County | \$20,519 |
| Yates County | \$14,331 |
| New York City | \$3,014,527 |
| Total | 7,423,696 dola |

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York pral administre finansman sa a nan non FEMA. DHSES pral an kontak ak biwo jesyon ijans chak jiridiksyon dirèkteman pa sèlman pou ke asire tout direktiv ak dokiman aplikasyon yo sou men, men tou pou ede avèk pwosesis aplikasyon an epi bay plis enfòmasyon jan sa nesesè.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)